

## Ki avantaj ki genyen nan yon reyinyon IEP Fasilite?

- Devlope epi amelyore relasyon ant paran yo ak anplwaye lekòl la.
- Asire reyinyon IEP konsantre sou elèv yo.
- Eklèsi pwen akò ak dezakò yo.
- Prezante komunikasyon efikas ak mwayen pou koute.
- Ankouraje paran yo ak anplwaye distri a pou idantifye nouvo chwa yo pou abòde pwoblèm ki pa rezoud yo.
- Sipòte tout moun ki konsène yo nan patisipe atanplen nan reyinyon IEP.
- Yo bay li gratis pou paran yo oswa pou distri lekòl yo.
- Dirije rezolisyon konfli, sa ki evite itilizasyon plis pwosedi fòmèl tankou odyans pwosedi jis.

## Ki distri lekòl ki kapab bay Fasilitasyon IEP avèk Pwojè Pilòt Leta?

Pandan yon dire 3 zan Pwojè Pilòt sa a, Fasilitasyon IEP ap disponib pou:

- ◇ Tout distri lekòl nan Long Island;
- ◇ Kèk rejyon nou chwazi nan Vil New York.

## Kimoun Fasilitatè IEP yo ye?

Fasilitatè IEP yo se moun ki soti nan anpil domèn tankou, men pa sèlman: defansè nan edikasyon, medyatè, travayè sosyal, avoka ak pwofesè ki nan retrèt oswa administratè distri lekòl. Kèk ladan yo, men pa tout, pale yon lang ki pa Anglè epi/oswa yo gen eksperyans nan travay avèk anpil kalite kilti. Yo tout resevwa fòmasyon nan jesyon reyinyon ak rezolisyon konfli, yo gen konesans nan pwosesis edikasyon espesyal nan Eta New York, yo san paspouki epi yo pa reprezante ni distri lekòl yo ni paran yo.

## Fasilitasyon Reyinyon nan Pwogram Edikasyon Endividyèl (IEP)



## Yon Gid pou Paran yo ak Distri Lekòl yo

Kote ki bay finansman an:

**Eta New York**  
**Depatman Edikasyon**  
**Biwo Edikasyon Espesyal**

89 Washington Avenue, Room 309 EB  
Albany, NY 12234  
Telefòn: (518) 473-0170

## Kisa Fasilitasyon IEP ye?

Lè manm yon Komite pou Edikasyon Espesyal (Committee on Special Education, CSE) oswa Komite pou Edikasyon Espesyal nan Lekòl Pre-Matènèl (Committee on Preschool Special Education, CPSE) rankontre pou yo devlope rekòmandasyon pou sèvis edikasyon espesyal pou yon elèv ki gen yon andikap, pafwa gen kèk dezakò oswa enkonpreyansyon ant paran yo ak anplwaye lekòl la. Lè yo pa kapab rezoud pwoblèm sa yo avèk mwayen kanal komunikasyon regilye, itilizasyon Fasilitasyon IEP kapab efikas.

Fasilitasyon IEP pa obligatwa, epi paran an ak distri a dwe dakò pou yo itilize li. Objektif prensipal Fasilitatè a se pou ede manm CSE/CPSE nan devlopman yon bon kalite IEP nan yon manyè ki reflechi ak dinamik. Sa reyalize avèk lè yo ankouraje ak mande komunikasyon konsènan bezwen elèv la epi pou yo asire tout manm CSE/CPSE travay ansanm pou yo devlope yon IEP tout moun ap dakò pou sipòte.

## Ki wòl Fasilitatè IEP a?

Sou demann epi avèk akò ant paran an ak distri lekòl la pou itilize Fasilitasyon IEP, y ap chwazi yon Fasilitatè IEP. Nan reyinyon an, Fasilitatè IEP a ap:

- ◇ ede manm CPSE/CSE yo idantifye bezwen timoun nan epi devlope yon IEP tout moun kapab dakò avèk li;
- ◇ ede CSE/CPSE rezoud pwoblèm yo ak dezakò yo sou IEP a;
- ◇ ede kenbe komunikasyon ouvè pami tout manm CPSE/CSE yo;
- ◇ ede manm komite CSE/CPSE yo devlope epi poze kesyon pou yo pi byen konprann;
- ◇ gide manm CPSE/CSE yo pou yo rete sou sa y ap fè a epi pou yo rete nan limit tan ki rezève pou reyinyon an;
- ◇ ap san paspouki epi p ap pran pozisyon, p ap repwoche oswa p ap detèmine si yon desizyon patikilye kòrèk oswa pa kòrèk;
- ◇ pa ofri konsèy legal, konsèy sou kontwòl oswa konsèy sou règleman oswa yo pa fòse yon desizyon sou gwoup la; epi
- ◇ pa yon manm CPSE/CSE.

## Kijan yo fè aranjman pou Fasilitasyon IEP?

- ◇ Si paran an ak distri lekòl la dakò alekri pou fasilitasyon IEP, distri lekòl la ap voye demann siyen an pa faks ba Depatman Edikasyon Eta New York (New York State Education Department, NYSED).
- ◇ NYSED ap none yon Fasilitatè IEP pa wotasyon. Yo pral chwazi li sou yon lis Fasilitatè IEP ki fòm epi li la pa gen yon lòd an patikilye.
- ◇ NYSED ap peye pou frè Fasilitasyon IEP. Pa gen frè pou paran oswa pou distri lekòl la peye.

Ou kapab jwenn enfòmasyon ak fòm pou mande ak dakò pou itilize Fasilitasyon IEP sou [Paj Dakò Fasilitasyon IEP a](http://www.p12.nysed.gov/specialed/duprocess/iep-facilitation/IEPFacilitation.html) sou sitwèb <http://www.p12.nysed.gov/specialed/duprocess/iep-facilitation/IEPFacilitation.html>. Fòm sa yo disponib nan senk (5) lang diferan anplis anglè.

